

NAMA :.....
No. Urut:.....

**PENILAIAN TENGAH SEMESTER GENAP
TAHUN PELAJARAN 2023/2024**

Tema : 5. Kesenian
6. Pengalaman
Muatan : Bahasa Jawa
Kelas : III (tiga)
Waktu : 60 menit
Hari/ Tanggal :,2024

PITHUDUH :

1. Tulisen dhisik jenengmu ana pojok dhuwur sisih tengen!
2. Wacanen dhisik, wacan lan pitakon kanthi permati!
3. Garapen luwih dhisik sing kokanggep paling gampang!
4. Titinen garapanmu sadurunge kokaturaken marang Bapak/Ibu guru!

I. Wenehana tandha ping (x) aksara a, b, c utawa d ing ngarepe wangsulan kang bener!

KD 3.1

Tembang Pocung

Bapak Pocung anane ing tanah kudus
Pinter nyimpen toya
Mangka tumpakaning jalmi
Gigir mbrenjul suku panjang gulu dawa

(Kapethik saka buku remen basa jawa kelas 3)

1. Irah-irahane wacan ing dhuwur yaiku. . . .
 - a. bapak Pocung
 - b. tembang Pocung
 - c. lagu Pocung
 - d. tembang Macapat
2. Tanah Kudus nduweni teges
 - a. tanah subur
 - b. tanah resik
 - c. tanah suci
 - d. tanah kotor
3. Tembung jalmi tegese. . . .
 - a. wit-witan
 - b. manungsa
 - c. kewan
 - d. gunung
4. Tembung suku tegese
 - a. samparan
 - b. astha
 - c. sirah
 - d. mripat

5. Kewan sing pinter nyimpen toya miturut tembang ing dhuwur yaiku
 - a. gajah
 - b. jaran
 - c. jerapah
 - d. unta
6. Watake tembang pocung yaiku
 - a. grapyak lan renyah
 - b. sumanah lan pitutur
 - c. manis lan luwes
 - d. sembrana parikena
7. Saben sapada tembang pocung ana
 - a. patang larik
 - b. telung larik
 - c. rong larik
 - d. salarik
8. Ing ngisor iki arane tembang macapat, kajaba
 - a. gambuh
 - b. mijil
 - c. pocung
 - d. jaranan
9. Tembang macapat cacahé ana
 - a. 10
 - b. 11
 - c. 12
 - d. 13

Nonton Festival Kethoprak

Malam Minggu Arum diajak bapake nonton festival kethoprak. Watara tabuh pitu mbengi Arum wis ana ngarep panggung. Sing nonton jan akeh banget. Arum oleh panggonan ngarep dhewe.

Festival kethoprak bengi kuwi pesertane ana pitu. Swara gamelan wis ditabuh wiwit sore mau. Acarane dibukak dening Pak Walikota Semarang. Para seniman padha kumpul dadi siji nambahi gayenge swasana.

10. Sing ngajak Arum nonton festival kethoprak yaiku
 - a. bapake
 - b. ibune
 - c. pamane
 - d. simbahe
11. Arum wis ana ngarep panggung jam
 - a. pitu
 - b. pitu esuk
 - c. pitu bengi
 - d. sanga bengi
12. Sing bukak festival kethoprak yaiku Bapak
 - a. Bupati Semarang
 - b. Walikota Semarang
 - c. Camat Semarang
 - d. Lurah Semarang

KD.3.2

Blanja menyang Pasar

Dhek dina Minggu, Yuni melu mbakyune lunga menyang pasar. Pasare rada adoh mulane anggone menyang pasar mau numpak becak. Atine Yuni seneng banget. Wis suwe dheweke ora lunga menyang pasar. Luwih-luwih menyang Pasar Ceria sing diparani dina iki.

Ora let suwe Yuni lan Fitri, mbakyune, wis tekan ing Pasar Ceria. Bocah loro age-age mlaku mlebu pasar. Yuni katon yen ora sabaran. Tangane mbakyune digeret sajak kesusu. “Ora perlu kesusu, Yun. Becik ngati-ati!” kandhane Fitri ngelingake adhine.

Pasar kuwi panggonane wong akeh. Ora kabeh uwong apik bebudene. Ana kalane ing pasar iku ana copet. Mula kudu ngati-ati yen ana ing pasar.

13. Sing melu mbakyune lunga menyang pasar yaiku
 - a. Fitri
 - b. Yuni
 - c. Pipit
 - d. Yuyun
14. Anggone lunga menyang pasar nalika dina
 - a. Kamis
 - b. Jum'at
 - c. Sabtu
 - d. Minggu
15. Anggone menyang pasar numpak becak, jalaran
 - a. pasare cedhak
 - b. pasare rame
 - c. pasare adoh
 - d. pasare sepi
16. Tangane mbakyune digeret sajake kesusu.
Kesusu kosok baline
 - a. sabar
 - b. anteng
 - c. grusa grusu
 - d. alon-alon
17. Tembung digeret tegese
 - a. digandeng
 - b. dicopot
 - c. disambung
 - d. ditarik
18. Ora kabeh uwong apik bebudene.
Bebudene tegese
 - a. perilakune
 - b. sandhangane
 - c. pegaweane
 - d. pituture
19. Uwong kang ora apik bebudene, tuladhane
 - a. blandong
 - b. copet
 - c. pedagang
 - d. gamel
20. Fitri lan Yuni lungu menyang
 - a. Pasar Iwak
 - b. Pasar Modern
 - c. Pasar Ceria
 - d. Pasar Tradisional
21. Panggonan kanggo wong dodolan lan tinuku yaiku
 - a. stasiun
 - b. pasar
 - c. bandara
 - d. terminal

22. Lunga menyang pasar iku pengalaman sing
- | | |
|-------------------|----------------|
| a. ora apik | c. mbahayakake |
| b. ora nyenengake | d. nyenengake |
23. Kedadeyan sing ora nyenengake yaiku
- | | |
|------------------|---------------------|
| a. angsal hadiah | c. angsal biji apik |
| b. tiba saka pit | d. ulang taun |
24. Sarno kuwi bocah sregep.
Tembung sregep kosok baline
- | | |
|-----------|---------------|
| a. kesed | c. trengginas |
| b. sregep | d. wicaksana |
25. Sarno lali ... Pak guru yen mlebu jam sanga.
- | | |
|------------|---------------|
| a. pesene | c. kandane |
| b. critane | d. ngendikane |

II. Isenana ceceg-ceceg ing ngisor iki nganti patitis!

Tembang Pocung

Bapak pocung renteng-renteng kaya kalung
Dawa kaya ula
Pencokanmu wesi miring
Sing disaba si pocung mung turut kutha

KD 3.1

26. Batangane tembang pocung ing dhuwur yaiku
27. Kang dikarepake wesi miring yaiku
28. Papan kang dibutuhake si pocung ing dhuwur yaiku
29. Pocung kalebu tembang
30. Gundul-gundul Pacul kalebu tembang

Ora Rumangsa Telat

Jenengku Sarno. Aku kelas III sekolah dasar. Biyasane aku mlebu sekolah jam sepuluh esuk. Kelasku yen esuk dipanggoni bocah kelas loro. Sabubare kelas loro padha rampung sekolahe, lagi kelas telu mlebu sekolah.

Nadyan mlebu jam sepuluh, saben dina aku mangkat luwih gasik. Jam sanga biyasane aku wis tekan sekolah. Mangkatku gasik amarga ben ora telat. Saliyane kuwi aku bisa maca crita ing perpustakaan.

Kaya ing dina Setu wingi kae. Aku tekan sekolah jam sanga kurang. Kancaku durung ana sing katon. Aku banjur mlebu menyang perpustakaan. Dilalah perpustakaan kosong. Pak Suhadi petugas perpustakaan embuh tindak endi. Nanging aku wis biyasa. Aku banjur milih buku crita terus dakwaca ngono bae.

KD. 3.2

31. Murid kelas III mlebu sekolah jam
32. Sarno saben dina jam ... wis tekan sekolah.
33. Jalaran kancane durung ana sing katon, Sarno mlebu menyang
34. Petugas perpustakaan ... Pak Suhadi.
35. Murid-murid yen arep nyilih lan maca buku crita panggonane ing

III. Wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki kanthi patitis!

KD. 3.1

36. Sebutna 3 wae tembang macapat!

Wangsulan : _____

37. Sebutna 3 wae tembang dolanan!

Wangsulan : _____

38. Sebutna watake tembang pocung!

Wangsulan : _____

KD. 3.2

39. Sebutna 3 wae kedadeyan sing nyenengake!

Wangsulan : _____

40. Pak guru wis teka.

Ukara ing dhuwur gantinen nganggo basa krama!

Wangsulan : _____

KUNCI JAWABAN

- I. 1. b 6. d 11. c 16. a 21. b
2. c 7. a 12. b 17. d 22. d
3. b 8. d 13. b 18. a 23. b
4. a 9. c 14. a 19. b 24. a
5. d 10. a 15. c 20. c 25. d
- II. 26. sepur 31. sepuluh
27. dampar/rel 32. sanga
28. stasiun 33. perpustakaan
29. macapat 34. asmanipun
30. dolanan 35. perpustakaan
- III.
36. pocung, gambuh, sinom, lsp.
37. suwe ora jamu, jaranan, gundul-gundul pacul, lsp
38. sembrana, parikena, lelucon
39. ulang tahun, dina riaya, mungguh kelas
40. Pak Guru sampun rawuh

Pedoman Penskoran dan Nilai

- I. Tiap soal yang dijawab benar skor 1, jika jawaban salah skor 0, skor maksimal = 25
II. Tiap soal yang dijawab benar skor 2, jika jawaban salah skor 0, skor maksimal = 20
III. Tiap soal yang dijawab benar skor 3, jika jawaban salah skor 0, skor maksimal = 15

KD. 3.1 skor maksimal 31
KD. 3.2 skor maksimal 29

Tabel Skor dan Nilai KD. 3.1

SKOR	NILAI	SKOR	NILAI	SKOR	NILAI
1	3	11	35	21	68
2	6	12	39	22	71
3	10	13	42	23	74
4	13	14	45	24	77
5	16	15	48	25	81
6	19	16	52	26	84
7	23	17	55	27	87
8	26	18	58	28	90
9	29	19	61	29	94
10	32	20	65	30	97
				31	100

Tabel Skor dan Nilai KD. 3.2

SKOR	NILAI	SKOR	NILAI	SKOR	NILAI
1	3	11	38	21	72
2	7	12	41	22	76
3	10	13	45	23	79
4	14	14	48	24	83
5	17	15	52	25	86
6	21	16	55	26	90
7	24	17	59	27	93
8	28	18	62	28	97
9	31	19	66	29	100
10	34	20	69		